



Pou Piblikasyon Imedya: 2/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REKONÈT OFISYE POLIS MIDDLETOWN POU VALÈ
EKSEPSYONÈL ANFAS DANJE GRAV**

*Ofisye Evan Barone resevwa Meday Valè Ofisye Polis Eta New York, premye
ofisye nan ajans li a ki resevwa pri a*

*Gouvènè adjwen an Antonio Delgado prezante pri a nan non Gouvènè Hochul
pandan yon seremoni nan Middletown maten sa*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Ofisye Depatman Polis Middletown Evan Barone se benefisyè Meday Valè Ofisye Polis Eta New York dèske li demontre kouraj eksepsyonèl ak bravou nan sèvis nan kominote li. Ofisye Barone te nan patwouy woutin lè yo te ba li alèt de yon fi ke ansyen menaj li te refize kite kay li. Kèk segonn apre li te kanpe pou ede, yo te tire Ofisye Barone epi malgre li te blese grav, li te tire, touche agresè l la, epi pwoteje fi a, plizyè timoun ak lòt adilt ki te temwen atak ki pa t pwovoke a. Li se premye ofisye nan Depatman Polis Middletown ke yo rekonèt ak pri sa, ke yo rele tou Pri Gouvènè a pou Ofisye Polis Ane a.

"Malgre li te blese grav, Ofisye Barone te montre bravou ki eksepsyonèl lè li mete tèt li an danje pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Refleksyon ak aksyon rapid li te anpeche yon lòt moun blese pa moun ki t ap tire a. Nou onore li pou kouraj ak sèvis li, epi nou felisite tou plizyè milye ofisye ki travay san rete pou pwoteje Nouyòkè nan kominote atravè eta a."

"Ofisye Polis Middletown Evan Barone bay egzanp de kisa sa vle di pou yon ofisye polis, se poutèt sa nou ba l pri Meday Valè Ofisye Polis Eta New York," **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Akoz li te demontre kouraj eksepsyonèl ak bravou inebranlab anfas danje grav, Ofisye Barone byen merite pri sa, epi mwen remèsye li menm ak ofisye kamarad li yo nan Depatman Polis Middletown lan pou sèvis yo anvè kominote sa."

Gouvènè Adjwen an Delgado te prezante pri a bay Ofisye Barone maten an nan non Gouvènè Hochul pandan yon seremoni nan Paramount Theatre nan Middletown. Ensidan ke yo te onore ofisye a pou li te rive nan dat 29 out 2020, epi mwa pase a, yon jij te bay moun ki responsab la santans 58½ prizon avi pou atak la. Lè yo nome Ofisye Barone pou pri 2020 an, Depatman Polis Middletown te bay kont sa de ensidan an:

Ofisye Barone te nan yon patwouy woutin nan kad Inite Ranfòsman Katye depatman an, lè li te alète pa yon fi ki te deyò kay li. Li te kanpe, soti nan machin patwouy ki make li, epi li te pale ak fi a. Fi a te di Ofisye Barone ke ansyen menaj li te andedan kay la, li ame ak yon zam epi li te refize kite. Pandan fi a t ap pale ak Ofisye Barone, ansyen menaj la te soti nan pòt devan kay la ak sou galri a, epi tire ak yon zam 9mm. Yon bal te touche ofisye a nan avanbra goch li epi loje nan jilè pabal li.

Malgre li te blese grav, Ofisye Barone te tounen tire epi touche agresè li a plizyè fwa. Apre sa li te sekirize tirè ki gen zam nan, pwoteje fi a ke li t ap pale ak li ak plizyè timoun ak adilt ki te toupre. Apre sa, Ofisye Barone te rele nan radyo pou mande èd, aplike yon twal sou pwòp blese pa l la pou kontwole sèyman an epi tann asistans medikal.

Ofisye Barone, ki gen 28 an, te make resaman senkyèm ane li nan sèvis ak Depatman Polis Middletown nan. Manm fanmi li ak kamarad lapolis li yo te rejwenn li nan seremoni an, ansanm ak ofisyèl eli lokal ak eta yo ak pwofesyonèl fòs lòd nan rejyon an.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Mwen onore pou rejwenn Gouvènè Adjwen Delgado pou prezante pri sa nan non Gouvènè Hochul. Aksyon dezenterese Ofisye Evan Barone lan raple nou ke ofisye nou yo mete lavi yo an danje chak fwa yo mete inifòm yo sou yo epi yo vle fè sakrifis sa pou nou. Nou remèsye li ak kamarad li yo pou tout sa yo fè pou Middletown ak New York."

DCJS kowòdone travay komite seleksyon pri a, kote manm li yo reprezante ajans fòs lòd ak lidè sendika lapolis la. Kominote a te konsidere nominasyon 30 ofisye nan uit depatman polis ak de biwo cherif anvan li te chwazi Ofisye Barone pou yo rekonèt. Depi li te etabli an 1984, yo te prezante pri a bay 122 ofisye ki soti nan 21 ajans diferan depi etablisman li.

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Mwen vle felisite Ofisye Barone pou rekonesans ki byen merite sa, epi mwen remèsye li nan fon kè m pou bravou san parèy li nan sèvis bay kominote Middletown. Jèn gason sa se yon ofisye egzanplè. Efò li pou pwoteje epi sèvi, menm apre li te sibi yon blese pa bal li menm, ta dwe selebre pandan tout karyè li ki devan li. Lapolis Vil Middletown ak ofisye li yo gen sipò inebranlab mwen nan travay yo pou ranfòse sekirite piblik la."

Manm Asanble, Aileen M. Gunther, te deklare, "Mwen fyè pou felisite Ofisye Evan Barone dèske yo nonmen li Ofisye Polis Eta New York pou Ane 2020. Aksyon dezenterese ak kouraje li te sove lavi anpil sivil, ak moun ki t ap pase. Li te demontre yon sèvis vètye epi dezenterese a sila yo li te jire pou pwoteje nan Vil Middletown. Mwen pa ka panse a okenn moun ki pi merite onè sa epi mwen tèlman fyè pou reprezante Ofisye Barone, ak tout brav ofisye fòs lòd yo nan tout distri mwen an. Felisitasyon."

Majistra Middletown, Joseph M. DeStefano te deklare, "Middletown se fwaye yon gwoup Nouyòkè eksepsyonèl epi Ofisye Evan Barone reprezante sa ki pi bon ladan l. Nou fyè pou nou genyen li pami ran nou, pa sèlman antanke ofisye lalwa, men antanke yon manm nan kominote nou an. Mwen vle remèsye Ofisye Barone ak fanmi li pou sakrifis yo fè pou kenbe nou an sekirite, ansanm ak Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Delgado dèske yo rekonèt zak vanyan Ofisye Barone."

Chèf Polis Middletown lan John Ewanciw te deklare, "Aprè Ofisye Barone te blese grav, Depatman Polis Middletown te resevwa yon kantite sipò ki elve nan men kominote a ak patnè fòs lòd yo. Ewoyis ak bravou Ofisye Barone anfas danje grav se yon testaman de nivo kouraj ak angajman eksepsyonal ke ofisye polis yo afiche lè y ap sèvi kominote yo. Mwen rekonesan etènèlman ke Ofisye Barone te pwize nan fòmasyon ak eksperyans li pou netralize rapidman yon menas mòtèl pou tèt li ak moun k ap pase ki inosan yo. N ap toujou sonje sakrifis ak devouman li pou rezidan vil nou an."

Tout 29 ofisye yo te nome pou pri Ofisye Polis Ane 2020 yo resevwa [Sètifika Valè Eksepsyonèl](#) de Gouvènè Hochul. [DCJS ap aksepte nominasyon kounye a pou pri 2021 an](#). Depatman polis ak biwo cherif yo dwe soumèt nominasyon yo bay ajans lan anvan vandredi 30 desanm 2022.

Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Jistis Penal la

[Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la](#) se yon ajans sipò pou jistis penal ki gen plizyè fonksyon epi ki gen divès responsabilite, ki genyen ladan yo fòmasyon pou fòs lòd yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta a; konsèvasyon dosye enfòmasyon istwa kriminel ak anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, nan patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram koreksyon kominotè yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis penal toupatou atravè eta yo; ak jesyon Rejis Agresè Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry). Swiv ajans lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418